**1**. Составияб сказуемоялъе г1аммаб баян кьезе. Мисалал рачине.

**2**. Муг1алималъ кьураб предложение членазде биххизе.

**3.** Р.Х1амзатовасул «Авар мац1» абураб коч1ол аслияб пикру.

**1**. Подлежащеелъун кина-кинал каламалъул бут1аби ккун рук1унел, щибалъе мисал бачине.

**2.** Муг1алималъ кьураб предложениялъул т1убараб синтаксияб разбор гьабизе.

**3**. М.Мух1амадовасул «Манарша» абураб къисаялъул багьадур Манаршал сипат рагьизе.

1. Сказуемоялъе баян кьезе ва предложениялда жаниб гьелъул к1варалъул бицине.

2. Камурал лъалхъул ишарабиги лъун, муг1алимас кьураб текст хъвазе, гьоркь мухъ ц1араб предложение членазде биххизе.

3. Поэмаялъул х1акъалъулъ баян кьезе, мисалал рачине.

**1**. Г1адатал предложениязул тайпабазул бицине ва щибалъе мисал бачине.

**2**. Муг1алималъ кьулъабго предложениялда жаниб бит1араб калам хъвалсаралде хисизе.

**3**. Р.Х1амзатовасул «Дир Дагъистан» абураб т1ех1алъул «Сундасан мун данде гьабун бугеб Дагъистан» абураб кесек ц1ализе ва гьениб загьир гьабун бугеб пикруялъул бицине.

**1**. Аслияб, актив, кьовул ва жинда падежалда ругел дополнениял подлежащеялдаса кин рат1а рахъизе лъалел, цо-цо мисал бачине.

**2. «Ралъад»** абураб раг1и подлежажеелъун, дополнениелъун, х1аллъун ккезабун предлоржениял г1уц1изе.

**3**. Машидат Гъайирбековалъул асаразда жаниб маг1арулалъул къисматалдехун бугеб бербалагьи загьир гьабизе.

1. У ва Гуро абурал раг1аби-предложениял х1алт1изариялъе баян кьезе.

2. Муг1алималъ кьураб предложениялъул т1убараб синтаксияб разбор гьабизе.

3. Фазу Г1алиевалъул «Кини» абураб хабаралъул аслияб пикру бицине.

1. Определениялъе баян кьезе. Рекъон ккарабги ккеч1ебги определениялъе цо-цо мисал бачине.

2. Муг1алималъ кьураб предложениялъул т1убараб синтаксияб разбор гьабизе.

3. «Хваразул ц1аралдасан» абураб поэмаялъул тема ва аслияб пикру бицине.

**1.** Бат1алъизабураб определениялъул бицине. Мисалал рачине.

**2**. Муг1алималъ бихьизабураб тексталда ц1арулаб скуазуемое бугеб лъабго предложение батизе ва бат1а босун хъвазе.

**3**. Х1ажи Гъазимирзоевасул «Васасде» абураб кеч1 рек1ехъе ц1ализе ва гьелъул пикру баян гьабизе.

**1.** Жубараб предложение лъугьунеб куцалъул бицине ва мисал бачине.

**2**. Муг1алималъ кьураб тексталдаса журарал предложениял хъвазе ва гьелъул тайпаби загьир гьаризе.

**3.** Г1абасил М1ух1амадил «Саба-Меседо» абураб пьесаялъул аслиял багъадуразул сипат рагьизе.

**1.** Бит1араб дополнениялъе баян кьезе подлежащеялдаса гьелъул бат1алъи бицине. Мисал бачине.

**2**. Муг1алималъ кьураб хъвалсараб калам бугеб к1иго предложение бит1араб каламалдалъун хисизе. Кколелъур лъалхъул ишараби лъезе.

**3**. Г-Х1ажи Шахтамановасул Лирикаялъул х1акъалъулъ баян кьезе. Гьелъул аслиял темаби рицине.

**1.** Гьоркьор кколел раг1абазе баян кьезе. Мисалал рачине.

**2.** Цо бугони, дир х1исабалда, узухъда, х1акъаб жо абурал гьоркьор ккарал раг1абигун предложениял г1уц1изе.

**1.** Союз гьеч1еб жубараб предложениялда к1ит1анк1 кида лъолеб ва мисал бачине.

**2.** Муг1алимас кьураб жубараб предложениялда жаниб лъалхъул ишараби лъезе ва баян кьезе.

**3**. Ахмед-хан Абу-Бакарил «Даргиязул ясал» абураб асаралъул багъадуразул-ясазул сипат хасиятг1амал рагьизе.

**1**. Союз гьеч1еб кида лъелеб ва мисалал рачине.

**2**. Муг1алимас кьураб тексталда журарал предложениял ратизе ва цоялъул синтаксияб разбор гьабизе.
**3**. Сатираялъул ва юморалъул х1акъалъулъ баян кьезе ва мисалал рачине

**1.** Сок1к1иналъул союзалъе баян кьезе.

**2**. Муг1алималъ кьураб предложениялъул т1убараб синтаксияб разбор гьабизе.

**3**. А.Абу-Бакарил «Даргиязул ясал» абураб къисаялъул тема ва аслияб пикру баян гьабизе.

**1**. Жубараб сокк1араб предложениялъе баян кьезе. Мисалал рачине.

**2.** Ва, амма, яги абурал союзаз цолъизабураб лъабго предложение г1уц1изе.

**3**. Мух1амад Ах1мадовасул лирикаялъул хаслъи баян гьабизе. Гьесул кеч1 пасих1го ц1ализе.

**1**. Нахърилълъиналъул раг1абигун ругел предложениязулъ лъалхъул ишараби лъолнл къаг1идабазул бицине, мисалал рачине.

**2**. Муг1алимас бихьизабураб жубараб предложениялъул т1убараб синтаксияб разбор гьабизе.

**3**. Багъатарил «Ц1адакьа бахчулеб дир чанил бурут1» абураб къисаялда маг1арулазул г1умру бихьизабун бугеб къаг1идаялъул бицине.

**1**. Х1аллъун т1аджубараллъун ругел журарал нахърилълъарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъолел куцалъул рицине.

**2.** Шарт1ияблъун ва уступительнияблъун т1аджубараб предложениялъе баян кьезе. Мисалал рачине.

**3**. Адабияталъул тайпа х1исабалда, къисаялъе баян кьезе. Масал бачине.

**1.** Определениелъун ва дополнениелъун т1аджурарал предложениялгун ругеб жубараб предложениялъе баян кьезе, мисал бачине.

**2**. пихъил гъут1буз буччун ц1ураб, гьудул сах гьеч1олъи, инсуца малъараб куцалъ абурал предложениялги гъорлъе ккезарун, журарл нахърилълъарал предложениял г1уц1изе.

**3**. Роман. Къиса, хабар абурал адабияталъул жанразе баян кьезе.
Мисал бачине.

**1**. Нахърилълъиналъулал раг1аби гьеч1ел ЖНП баян кьезе, мисалал рачине.

**2**. Муг1алималъ кьураб тексталда кколел лъалхъул ишараби лъезе ва гьезие баян кьезе.

**3.** М. Мух1амадовасул «Манарша» абураб къисаялъул багьадурХ1айдарил г1амал хасият рагьизе.